

# Èske Ou Prè pou Entèvyou SNAP Ou An?

Lè w ap aplike pou benefis Pwogram Asistans Nitrisyonèl Adisyonèl (SNAP), nan majorite ka, yon entèvyou dwe fèt avèk yon benefis pwogram espesyalis (BPS). Entèvyou sa a se yon snapshot (yon imaj rapid) sitiyasyon kay ou pou detèmine kalifikasyon pou benefis SNAP yo. Nou bezwen èd ou pou klarifye enfòmasyon sou aplikasyon SNAP ou an. Konsidere entèvyou an kòm yon konvèsasyon prive avèk BPS konsènan sitiyasyon fwaye ou. Objektif entèvyou a se pou anrejistre klèman sitiyasyon ou an, yon jan pou aplikasyon SNAP ou an kapab ranpli san reta.

## Ki kote entèvyou an pral fèt?

Entèvyou an kapab fèt nan telefòn oubyen an pèsòn avèk pèsòn depatman lokal sèvis sosyal yo. Ajans lokal la pral pwogramme yon randevou epi ba ou yon lèt avèk detay randevou yo, tankou dat ak lè a.

## Kisa nou pral mande pandan entèvyou SNAP la?

Ou kapab atann pou reponn divès kesyon sou demann SNAP ou an, tankou:

- Ki non konplè ou ak dat anivèsè ou?
- Ki nimewo Sekirite Sosyal ou?
- Ki kote w ap viv? (Ou kapab kalifye si ou gen lojman oubyen w ap viv avèk fanmi/zanmi.)
- Èske ou se yon sitwayen Ameriken? (Moun ki pa sitwayen Ameriken yo kalifye tou.)
- Ki kantite lajan ou recevwa chak mwa?
- Èske ou gen yon tip kont bankè?
- Kòman ou chofe oubyen rafrechi kay ou, èske ou peye fakti pou youn ou lòt?
- Èske ou peye lweyaj oubyen ipotèk oswa sèvis tankou elektrisite, gaz, dlo oubyen telefòn?
- Èske ou peye frè pou gadri?
- Èske ou peye depans medikal?

## Kisa ou bezwen pou entèvyou SNAP la?

Ou kapab kolekte dokiman sa yo ke ou pral bezwen pou reponn kesyon yo fasilman ak kòrèkteman:

- Kat Sekirite Sosyal si ou pa memorize nimewo ou an.
- Bilten, lèt atribisyon prestasyon (tankou ki soti nan Sekirite Sosyal yo oubyen Administrasyon Veteran yo), relve panson, dosye travay endepandan, dosye pèman panson alimantè yo, elatriye.
- Kontra lweyaj, relve ipotèk oubyen resi lweyaj.
- Enfòmasyon bankè pou kont chèk, epay ak kowoperativ kredi.
- Fakti sèvis publik yo pou kom gaz, kouran oubyen dlo.
- Prèv idantite. Sa kapab gen ladan l:
  - Batistè.
  - Pèmi Kondwi.
  - Kat Sekirite Sosyal.
  - Paspò.
  - Visa travay.
  - Kat rezidan etranje.

- Fich pèman.

**Kòman mwen kapab prè pou entèvyou SNAP mwen an?**

- Prepare pou reponn ankò, tout kesyon yo sou aplikasyon SNAP la. Moun kap fè entèvyou a an pral antre enfòmasyon ou yo nan sistèm VDSS la, ki enkli kesyon ke petèt ou te rate oubyen te mal reponn nan aplikasyon an.
- Prepare w pou w founi prèv revni, resous ak depans ou te siyale nan demann ou an. Moun kap fè entèvyou a pral fè ou konnen ke ou bezwen founi pandan entèvyou a epi ba ou li alekri.
- Prepare w pou w reponn tout kesyon sou demann SNAP la pou chak moun nan fwaye ou an. Entèvyou a detèmine avantaj ou yo pou tout moun ki nan fwaye SNAP ou an.
- Prepare ou pou w reponn sou lòt moun k ap viv nan fwaye a avèk ou ki pap aplike pou SNAP.

Itilize kòd QR la pou jwenn plis enfòmasyon sou entèvyou SNAP yo.

Logo VDSS